

17 avril, 2020

Chè kominote Lekòl Piblik Boston,

An fevriye, [nou te fè w konnen](#) ke Lekòl Piblik Boston (BPS) t ap chèche yon nouvo egzamen pou twa "lekòl konkou antre" nou yo: Boston Latin Academy, Boston Latin School, ak John D. O'Bryant School of Mathematics and Science. Twa lekòl segondè sa yo sèvi elèv klas 7yèm jiska 12yèm ane, e yo egzije yon egzamen kòm yon pati nan kritè admisyon yo (pou elèv yo kapab rantre). Egzamen an disponib pou tout elèv ki rezide Boston k ap fè klas 6yèm, 8yèm, ak 9yèm ane.

Kòm nou te deja di, kontra aktyèl nou genyen avèk òganizasyon ki bay egzamen an ap ekspire 30 jen, 2020. Akoz kontra a ap fini, ane pase Lekòl Piblik Boston (BPS) te kòmanse pwosesis pou devlope yon Demann pou Pwopozisyon ("Request for Proposals" - RFP), ke lalwa egzije pou n kapab siyen yon kontra avèk yon òganizasyon ki kapab bay egzamen antre a.

Nou te pibliye demann sa a (RFP sa a) 17 fevriye, lòske nou te envite òganizasyon yo soumèt pwopozisyon egzamen yo. Dat limit la pou pwopozisyon yo se te 19 mas, ki te tonbe nan mitan peryòd pandemi kowonaviris la. Lekòl Piblik Boston pa t resevwa okenn pwopozisyon, pakonsekan Lekòl Piblik Boston (BPS) ap repibliye Demann pou Pwopozisyon an (RFP) pou bay òganizasyon yo yon lòt okazyon pou yo kapab reponn. Dat limit la pou yo soumèt pwopozisyon yo se va 15 me, 2020. Objektif demann sa a (RFP a) se toujou pou seleksyon yon nouvo egzamen ki aliye sou estanda [Gramè ak Literati Angle](#) ak [Matematik](#) eta Massachusetts etabli, epi ki pa gen patipri ladan l.

Nou konprann ke fèmte lekòl yo nan moman sa a kapab afekte mwayèn jeneral elèv yo ("grade point averages" - GPA), ki se youn nan kritè pou elèv rantre lekòl sa yo. N ap travay pou n pran swen kesyon sa a ansanm ak kesyon fason n ap pral founi materyèl preparasyon pou egzamen an ansanm ak kèk lòt sipò bay elèv yo atravè kèk pwogram tankou: [Inisyativ Lekòl Konkou Antre yo](#) ("Exam School Initiative" - ESI).

Si w genyen okenn kesyon, tanpri kontakte Sèvis Dakèy yo nan adrès imel: examschoolsrfp@bostonpublicschools.org. Ap genyen enfòmasyon sou pwosesis la ak sou pwogrè nou disponib sou sit entènèt: www.bostonpublicschools.org/examrfp.

Mèsi lefètke w chwazi Lekòl Piblik Boston, e mèsi pou sipò w nan èd ou ban nou pou n kapab founi pitit ou ak elèv nou yo avèk bonjan kalite edikasyon.

Pwoteje e pran swen tèt ou,



Doktè Brenda Cassellius
Sipèntandan